

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun



Raja Bodo
Nu Hade
Rupa



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Lyn Doerksen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Samuel, anu jadi hakim jeung pamingpin Israil teh tos sepuh. Anjeunna ngangkat putrana jadi hakim Israil, ngagentosan anjeunna dina ngawulaan ka Allah. Nanging putra Samuel teh jahat. Aranjeunna hejo kana duit jeung ngagunakeun kakuatan maranéhna pikeun meunang duit nu teu jujur.



Urang Israil nandangan sangsara ku kajahatan budak éta. Pangadilan oge teu adil. Jalma-jalma kudu mere duit ka anakna Samuel iraha waé manehna butuh bantuan.




Aya anu kedah dilakukeun. Dina hiji poé, sepuh-sepuh Israil kumpul jeung ménta tulung ka Samuel. "Cing pasihan abdi raja pikeun ngahakiman kami," saur para sesepuh. Maranéhna teu hayang putra-putra Samuel nu jahat anu ngahakiman maranéhna. Maranehna hayang raja kawas anu aya di bangsa-bangsa sabudeureun maranehna.



Samuel ambek. Israil teh geus boga Raja! Allah
Nu Maha Kawasa, Nu Abadi, marentah ku Israil.
Baheula, Anjeunna parantos ngabebaskeun
aranjeunna tina perbudakan di Mesir,
ngabeulah Laut Beureum pikeun kabur.







Lajeng Anjeunna
parantos masihan ka
Israil tanah anu hade.



Sabot Samuel neneda, PANGERAN nimbalan,
"Maranehna teh henteu nampik ka maneh, tapi nolak
Kami, supaya Kami henteu jadi raja. Maranehna geus
ngawula ka allah-allah sejen. Numut kana
sora-sorana
sareng ngangken
manehna raja.



Gusti nyarios ka Samuel
ngingetkeun jalma-jalma




yén raja-raja dunya
mah bakal nyandak
artosna dina pajeg;
ngurusan sawah
sorangan nu
pangalusna jeung
kebon anggur
maranéhanana;
maréntahkeun
putra lalaki jadi
tentarana; sarta
nitah putri marané-
hanana digawé
pikeun manéhna.



KEBON ANGGUR
KARAJAAN

Tapi jalma-
jalma keukeuh
hayang aya
saurang nu jadi
raja.



KANTUNKEUN



Allah ngantunkeun Samuel ka hiji pamuda anu kasep pisan, isinan pisan, sarta **JANGKUNG** pisan - sirahna

hiji leuwih jangkung ti batur. Ngaranna Saul. Waktu Samuel ningali Saul, **PANGERAN** ngandika, "Ieu anu bakal marentah umat Kami."







Samuel patuh tuluy
ngangkat Saul jadi
raja Israil. Sabot
anjeunna ngadepkeun
Saul ka urang Israil,
maranehna sasambat,
"Sugeng Raja!"



Teu lila Raja Saul diuji. Urang Amon, anu benci ka
Israil, ngurilingan hiji kota Israil jeung ngancem bakal
nyabut panon katuhu sarerea. Kejem pisan rencana
ieu! Warta ngeunaan ancaman nepi ka Raja Saul.
Anjeunna nyiapkeun pasukanana.






Sabot dua pasukan tangtara
patepang, Saul ngancurkeun
urang Amon jeung
nyalametkeun eta
kota. Raja Saul
ngaturkeun kamulyaan
ka Allah, saurna
"... dinten ieu
PANGERAN parantos
ngalaksanakeun
kasalametan di Israil!"




Allah masihan Saul kameunangan anu ageung dina dinten éta. Tapi Saul teu salawasna ngahargaan Allah. Hiji poé, saméméh merangan urang Pelisti,

Saul nyayogikeun kurban ka Allah. Anjeunna terang yén éta teh kedahna dipidamel ku Samuel. Anjeunna oge terang yén Allah hoyong anjeunna ngantosan dugi ka Samuel sumping pikeun ngalakukeunana. Tapi Saul henteu taat ka Allah!



Nalika Samuel sumping, anjeunna ngawartosan ka Saul, "Anjeun parantos milampah anu salah. Maneh henteu nuturkeun timbalan PANGERAN Allah anjeun. Ayeuna karajaan anjeun moal diteruskeun."



Saul meureun nganggap éta teh saukur dosa leutik. Tapi henteu patuh ka Allah bakal salawasna serius.




Dina hiji waktu, Allah
marentahkeun Saul
pikeun ngancurkeun
jalma-jalma jahat urang
Amalek.




Tapi Saul
jeung rahayat
ngantepkeun
Raja Agag
urang Amalek
hirup.



Maranéhna ogé neundeun
barang-barang
aya hargaan,
domba jeung
sapi. Saul
nyarios yén
maranéhna
neundeun ieu
sato-sato
kanggo
kurban ka
PANGERAN.





Samuel ngalahir ka Saul,
"Leuwih hade nurut ka
Allah ti batan kurban.
Maneh geus nolak timbalan
PANGERAN, jeung
PANGERAN geus nolak
maneh jadi raja Israil."
Saul kacida mikahapunten
dosana. Tapi éta telat.
Saumur hirupna teu
bagja lantaran teu
taat ka Allah.



Raja Bodo Nu Hade Rupa


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

1 Samuel 8-16

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





18

60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

